

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kaparigelan basa diwangun ku opat aspék, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Hiji jalma bakal dianggap miboga kaparigelan basa lamun éta jalma téh parigel ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita (Haerudin, 2013:1). Pangajaran nulis mangrupa salasahiji pangajaran anu diajarkeun ti mimiti sakola SD nepi ka paguron luhur. Tujuan diayakeunna pangajaran nulis téh pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina kaparigelan nulis di sakola.

Kaparigelan nulis nyaéta kagiatan nepikeun hiji hal ngagunakeun basa ngaliwatan tulisan, nu miboga harti jeung tinimbangan nu geus ditangtukeun pikeun ngahontal tujuan nu geus ditangtukeun (Rahadi dina Suprihatin dkk., 2017, kc. 144). Sedengkeun nurutkeun Tarigan dina Simulyasih (2012) nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa anu digunakeun pikeun alat komunikasi sacara teu langsung ogé teu pateuteup jeung jalma sèjén. Nurutkeun Semi (2007, kc. 14) nulis mangrupa hiji prosés kréatif mindahkeun gagasan kana lambang-lambang tulisan. Nurutkeun Nurjanah (2009, kc.1) nulis nyaéta asal kecapna tina ‘tulis’ maké rarangkén N- (nasal) anu ngandung harti ‘ngalakukeun’. Harti ébréh yén nulis téh mangrupa hiji kagiatan. Aya ogé nurutkeun Depdiknas dina Simulyasih (2012) nulis nyaéta nyieun huruf (angka jeung sajabana) ngagunakeun pakakas tulis atawa bisa oge diartikeun nimbulkeun pamikiran, perasaan jeung tulisan. Jadi, bisa dicindekkeun yén nulis téh mangrupa kagiatan nepikeun hiji hal secara teu langsung ngaliwatan tulisan.

Kamampuh siswa dina nulis bisa ditilik dina hasil tulisan siswa saperti tina téks artikel. Di jaman kiwari siswa dina nulis artikel teu nepi ka maham kumaha carana nyieun artikel anu bener jeung aspek-aspekna ieu pamadegan luyu jeung anu geus di tétélakeun ku Sukardi (2017) *Kekurangmampuan siswa dalam menulis artikel ilmiah populer disebabkan oleh berbagai faktor, di antaranya faktor siswa dan guru. Dilihat dari faktor siswa, pada umumnya siswa mengalami kesulitan dalam menulis artikel ilmiah. Hasil analisis angket yang disebarkan kepada siswa kelas*

IX, dapat disampaikan bahwa sebanyak 73,33% siswa menyatakan sangat sulit, 20% menyatakan sulit, dan 6,66% cukup sulit. Hal ini disebabkan bahwa kompetensi dasar menulis karya ilmiah berbentuk artikel ilmiah populer ini memang benar-benar baru bagi siswa kelas IX karena pada kelas VII dan kelas VIII belum ada materi ini. Selain itu, budaya membaca dan menulis siswa kelas IX juga masih kurang sehingga mereka mengalami kesulitan untuk membuat tulisan. Kurangnya hasil teks artikel siswa èta bisa dicindekkeun yèn kamampuh siswa dina nulis masih kurang. Ieu hal kusabab siswa kurang maham kana struktur jeung milih kekecapan anu merenah dina nulis artikel.

Nulis penting pisan dina kahirupan sapopoé, gunana pikeun jalma sangkan bisa ngalakukeun komunikasi, nepikeun ide, gagasan jeung sawangan keur balaréa. Nulis gé miboga peran penting dina lingkungan atikan, nulis mangrupa kaparigelan nu kudu dikawasa ku budak sakola. Upama murid geus ngawasa kana kaparigelan Nulis, tangtu bakal gampang dina ngawasa kaparigelan séjénna. Kanyataanna anu jadi bangbaluh pikeun siswa SMA sabada diobsérvasi téh di antarana kurangnya kaparigelan nulis hususna dina nulis artikel.

Pentingna nulis di lingkungan masarakat nyaéta yén pangajaran nulis téh dijadikeun pangajaran dina Kompetensi Inti Kompetensi Dasar (KIKD). Pentingna nulis sangkan kahirupan di antarana nulis kudu diajarkeun di sakola, sabab pangajaran nulis di sakola aya dina KIKD.

Kegiatan nulis artikel mangrupa kegiatan nu kudu diajarkeun di SMA sabab aya dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Muatan Lokal K13 Revisi 2017, *4.5 Menulis artikel sederhana berbahasa Sunda dengan memperhatikan struktur dan penggunaan kaidah kebahasaan.*

Dumasar kana bangbaluh di luhur, perlu diayakeunna model pangajaran anu kréatif pikeun ngungkulan éta masalah, hususna dina struktur artikel jeung kaidah kabahasaan. Struktur artikel ngawengku bubuka, eusi jeung panutup. Kaidah kabahasaan ngawengku diksi, éjaan, paduaan paragraf sarta kasaluyuan eusi jeung tema. Dina nulis artikel yén kompetensi nu kudu dihontal ku siswa téh nyaéta sacara tulisan. Eta pasualan anu kapanggih pikeun di lapangan.

Kenyataan di sakola, dumasar kana hasil wawancara ka guru SMA Negeri 6 Kota Cimahi, Bapa Naufal Julian nétélakeun yén aya waé bangbaluh dina pangajaran nulis artikel nyaéta dina strukturna aya sababaraha siswa nu teu bisa ngabédakeun bubuka, eusi jeung panutup. Kaparigelan nulis artikel téh dianggap hésé sabab siswa geus jarang kana nulis. Faktor anu ngabalukarkeunna nyaéta aspék kebahasaan. Salian ti éta, siswa nyanghareupan pasualan dina nangtukeun kekecapan. Faktor utamana dina éjaan, ngabédakeun huruf vokal é, e jeung eu, ngagunakeun tanda baca, sarta kekecapan dina nulis artikel.

Di sagédéngéun éta kamampuh nulis artikel di sakola dibalukarkeun ku pangajaran nulis artikel. Dumasar kana éta bangbaluh kudu diterapkeun modél pangajaran anu kréatif pikeun ngungkulan éta masalah, hususna dina nulis artikel.

Modél pangajaran anu dianggap bisa ngungkulan éta masalah nyaéta model *Round Table*. Ieu modél bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nulis, bisa ngarojong siswa dina ngamekarkeun ide atawa topik kana wangun téks. Ieu model ogé bisa ngarojong siswa anu tara aktif atawa kurang percaya ka diri sorangan jadi siswa anu leuwih aktif jeung *percaya diri* dina nepikeun ide jeung siswa lain dina wangun tulisan. Modél pangajaran *Round Table* mangrupa hiji model hasil kamekaran tina pangajaran kooperatif (*cooperative learning*). Nurutkeun Mccafferty (Diastofa & Karim, 2016, kc. 2) modél *Round Table* mangrupa salasahiji tipe pangajaran kooperatif anu dilaksanakeun ku cara tiap anggota kelompok méré sawangan sarta partisipasi sacara bagilir kalawan posisi diuk anu ngabuleud (bundar). Modél *Round Table* ngajamin ayana partisipasi anu satata di antara anggota kelompokna sarta ngarahkeun siswa kana sababaraha sudut pandang jeung gagasan (Barkley spk., 2016, kc. 357). Modél pangajaran *Round Table* dina prak-prakanna ngabagi siswa kana sababaraha kelompok sacara hétérogén pikeun méréskeun pasualan. Unggal kelompok dieusi ku 5-6 siswa. Siswa nu miboga kamampuh leuwih dina nulis dikelompokeun jeung siswa nu kamampuhna kurang. Hasil tulisan anu geus dijieun ku siswa, tuluy diévaluasi jeung dibéré arahan pikeun ngahontal tujuan pangajaran nu dipiharep ayana *peer tutor* (*tutor teman sebaya*) (Surismiati, 2017, kc. 135). Nurutkeun Yustati (2017)

modél *Round Table* nyaéta méja disusun sagkan ngabuleud tuluy guru méré hiji pancén anu patali jeung matéri pangajaran.

Dumasar kana katerangan di luhur modél *Round Table* miboga kaonjoyan pikeun pangajaran nulis. Sanajan kitu, masih kénéh dibutuhkeun ayana panalungtikan pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis artikel.

Ieu modél pangajaran *Round Table* luyu lamun dilarapkeun dina pangajaran nulis artikel di sakola.

Lian ti sacara tioritis alesan milih *Round Table* nyaéta sacara émpiris geus aya nu nalungtik ngeunaan modél pangajaran *Round Table* saperti; (1) *Model Pangajaran Round Table dina Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020)*, (Ajeng Fatiya Azahra, 2020). Hasilna, modél pangajaran *Round Table* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok jeung (2) *Round Table pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Artikel: Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS SMA Yasyfiy Taun Ajaran 2012/2013*, (Nessy Anugrawati, 2013). Hasilna, modél pangajaran *Round Table* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca artikel.

Panalungtikan séjén nu ngarojong nyaéta aya sababaraha jurnal anu medar ngeunaan modél pangajaran *Round Table*. Diantarana; (1) jurnal anu judulna “*Keefektifan Model Round Table dalam Keterampilan Menulis Karangan Deskripsi Siswa Kelas X SMA Muhammadiyah 2 Tanjung Enim*” (Surismiati, 2017) jeung (2) jurnal anu judulna “*Penerapan Model Pembelajaran kooperatif Tipe Round Table untuk Meningkatkan Aktivitas dan Hasil Belajar Siswa pada Pokok Bahasan Segitiga kelas VII SMP Negeri 2 Pasisiran Tahun Ajaran 2015/2016*” (Mahanurani. Spk., 2016).

Hasil éta panalungtikan diébréhkeun yén modél pangajaran *Round Table* téh éféktif dina pangajaran nulis carita pondok jeung maca artikel, tapi bédana ieu panalungtikan maké objék nulis artikel. Tina sababaraha panalungtikan anu geus aya, mémang aya sasaruana dina ngagunakeun subjék anu ditalungtik, tapi dina panalungtikan saméméhna bédana can kungsi aya nu nalungtik modél *Round Table* dina pangajaran nulis artikel.

Rafi Din Durrani, 2023

MODÉL PANGAJARAN ROUND TABLE DINA PANGAJARAN NULIS ARTIKEL (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN DI KELAS XII IPA 1 SMA NEGERI 6 KOTA CIMAHI TAUN AJAR 2022/2023) Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana tinimbangan di luhur, panalungtikan anu judulna “Modél *Round Table* dina Pangajaran Nulis Artikel (Studi Kuasi Ékspérimén Siswa Kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun Ajar 2023/2024).” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.2 Idéntifikasi Masalah

Aya sababaraha masalah anu bisa diidéntifikasi dina ieu panalungtikan, nyaéta ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun ajar 2023/2024 masih kurang dina struktur téks anu ngawengku (bubuka, eusi, panutup), jeung aspek kebahasaan
- b. Modél pangajaran *Round Table*, modél pangajaran nu ngaliwatan gawé bareng dina kelompok sangkan bisa sawala dina matotoskeun hiji masalah (pancén), sakabéh siswa sangkan bisa aktif sarta miboga kamampuh anu alus dina komunikasi atawa prosés interaksi jeung anggota kelompokna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis teks artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun ajaran 2023/2024 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Round Table*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis teks artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun ajaran 2023/2024 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Round Table*?
- 3) Naha aya ningkatna kamampuh nulis teks artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun Ajaran 2023/2024 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Round Table*?
- 4) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis teks artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun ajaran 2023/2024 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Round Table*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah anu dipidangkeun, sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji cocok henteuna modél *Round Table* dina pangajaran nulis artikel.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun ajaran 2023/2024 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Round Table*;
- 2) kamampuh nulis artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Bandung Taun ajaran 2023/2024 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Round Table*;
- 3) ningkatna kamampuh siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun ajaran 2023/2024 dina nulis artikel sanggeus dilarapkeun model *Round Table*; sarta
- 4) béda anu signifikan antara kamampuh nulis artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun ajaran 2023/2024 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Round Table*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan modél *Round Table* dina pangajaran nulis artikel.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) pikeun guru, bisa dijadikeun salaku hiji statégi pikeun nyiptakeun siswa nu aktif, kritis, jeung dipikaresep tur kréatif.
- 2) pikeun siswa, bisa kairut jeung mekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna diajar nulis artikel.
- 3) pikeun nu nalungtik, bisa dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngarancang sarta ngamangpaatkeun modél pangajaran nu aya salaku alat pikeun ngamekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

Rafi Din Durrani, 2023

MODÉL PANGAJARAN ROUND TABLE DINA PANGAJARAN NULIS ARTIKEL (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN DI KELAS XII IPA 1 SMA NEGERI 6 KOTA CIMAHI TAUN AJAR 2022/2023) Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi gambaran eusi panalungtikan kalayan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, diantawisna nyaéta.

BAB I Bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ngawengku ulikan tiori, ngawengku ulikan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotesis anu ngawengku modél pangajaran *Round Table*, nulis artikel jeung sagala matéri bahan pangajaran.

BAB III Méthode Panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung pedaran, ngawengku kamampuh nulis artikel siswa saméméh maké modél *Round Table*, kamampuh nulis artikel siswa sanggeus maké modél *Round Table*, analisis béda signifikan kamampuh nulis artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi Taun ajaran 2023/2024 antara saméméh jeung sanggeus maké modél *Round Table*.

BAB V ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, rékoméndasi ka pamaca, jeung implikasi modél *Round Table*, boh pikeun guru boh pikeun nu liana dina prosés diajar, hususna pangajaran nulis artikel.